

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE PREKOSYON PANDAN YO PREVWA NÈJ EFÈ LAK
AK KONDISYON METEYOLOJIK IVÈ NAN REJYON NÒ NEW YORK**

***Akimilasyon total nèj jiska 12 pous posib nan Rejyon Lwès New York
ak North Country***

Bann nèj ki gwo ak nèj k ap soufle ta ka lakoz kondisyon vwayaj ki danjre

Gouvènè Cuomo jodi a te mande Nouyòkè pou prepare pou kondisyon meteyolojik ki potansyèlman danjre yo prevwa pou majorite rejyon nò New York kòmanse nan fen sware nan madi epi kontinye atravè jounen jedi a atravè eta a. Pandan yo atann pou majorite eta a resevwa nèj modere, yo prevwa sistèm efè lak pou pote jiska yon pye nèj nan pòsyon nan Rejyon Lwès New York ak North Country. Nouyòkè nan zòn sa yo ta dwe vwayaje ak prekosyon pandan pwochen 36 èdtan paske kondisyon sikilasyon yo ka vini difisil akòz wout ki kouvri ak nèj ak viziblite limite.

“Menm si klima ivè pa anyen ki nouvo pou majorite Nouyòkè, yo atann tanpèt k ap vini an pou li pote nèj efè lak ki konsiderab epi kreye kondisyon vwayaj ki potansyèlman difisil”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen mande Nouyòkè pou itilize prekosyon adisyonèl pandan y ap kondwi epi pou yo siveye kondisyon meteyolojik k ap chanje rapidman. N ap kontwòle tanpèt sa a epi nou prepare pou ede patnè lokal nou yo a nenpòt ki moman.”

Sèvis Metewo Nasyonal (National Weather Service) nan Buffalo te pibliye yon Alèt Tanpèt Ivè pou konte Cattaraugus, Chautauqua, Southern Erie ak Wyoming soti nan pita aswè a jiska jedi apremidi. Li posib pou gen gwo nèj efè lak ak yon total akimilasyon nèj ant sis a 12 pous posib, epi yo atann pi gwo kantite yo nan zòn Chautauqua Ridge. Van ka soufle nan vitès wo jiska 64 kilomèt pa èdtan, koze nèj k ap soufle epi redwi viziblite konsiderabman. Kondisyon vwayaj ki danjre gen chans pou afekte vwayaj maten ak aswè yo nan jedi.

Avètisman Tan Ivè tou ap rete anvigè pou lòt pòsyon rejyon nò New York. Total nèj ki tonbe pral rete modere nan North Country, epi yo atann pou Adirondacks resevwa sèt jiska 11 pous akimilasyon. Nan Rejyon New York Santral, Mohawk Valley, Capital ak Mid-Hudson, yo atann youn jiska twa pous nèj tonbe.

Pou w kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewo yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la nan zòn ou an.

Vwayaje ansekirite

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesesè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè w ap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt pa èdtan, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta a entèvni nan sitiwayon tanpèt avèk plis pase 1,500 gwo kamyon baskil, 52 chas-nèj ak plizyè santèn lòt pyès ekipman, tankou paregzanp aparèy pou soufle nèj, ti chas-nèj, chajè ak aparèy pou nivle. Ekipman sa a, ansanm avèk plis pase 3,850 operatè ak sipèvizè, deplwaye toupatou nan eta a lè sa nesesè anvan tanpèt ivè pou ede kenbe wout yo san danje.

Yo raple otomobilis yo pou yo tcheke 511NY anvan yo vwayaje <https://protect2.fireeye.com/url?k=850f53da-d92a5fb9-850daaef-0cc47aa88e08-9a05a3e7a88f19bd&u=https://protect2.fireeye.com/url?k=870fee1f-db29daab-870d172a-000babd9fe9f-49ac07812b0dbe37&u=http://www.511ny.org/> oubyen lè yo telechaje [aplikasyon mobil la](#). Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou deplasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Thruway Authority a gen plis pase 663 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 239 gwo chas nèj, 128 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 58 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 118,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Thruway Authority la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)